

Chè Paran/Gadyen Legal:

Timoun yo bezwen repa ki bon pou sante yo pou yo aprann. Lekòl pitit ou ofri repa ki bon pou sante elèv yo chak jounen lekòl. Pitit ou yo ka kalifye pou repa gratis oswa pou repa pou pri redui.

1. ÈSKE MWEN BEZWEN RANPLI YON APLIKASYON POU CHAK TIMOUN? Non. Ou kapab itilize youn nan Aplikasyon Repa Gratis oswa Repa pou Pri Redui pou tout timoun ki lakay ou. Nou pa kapab apwouve yon aplikasyon ki pa konplè, kidonk asire ou mete tout enfòmasyon ki obligatwa yo. Retounen aplikasyon ou ranpli a nan adrès sa a nan youn nan lekòl pitit ou.
2. KIMOUN KI KAPAB RESEVWA REPA GRATIS? Tout timoun nan kay yo k ap resevwa avantaj nan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), Pwogram Distribisyon Manje nan Indian Reservations oswa nan kèk Asistans Pwoviwa Eta a pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) kapab resevwa repa gratis kèlkeswa revni ou. Epitou, pitit ou yo kapab resevwa repa gratis si revni brit (anvan taks ak dediksyon) kay la tonbe nan limit gratis ki sou Gid Federal pou Kalifikasyon dapre Revni.
3. ÈSKE TIMOUN ADOPTIF YO KAPAB RESEVWA REPA GRATIS? Wi, timoun adoptif ki anba responsablite legal yon ajans oswa plasman nan fanmi oswa yon tribinal, kalifye pou resevwa repa gratis. Nenpòt timoun adoptif ki nan kay la kalifye pou repa gratis kèlkeswa revni ou.
4. ÈSKE TIMOUN SANZABRI, TIMOUN KI SOVE POU LAJISTIS, AK MIGRAN KAPAB RESEVWA REPA GRATIS? Wi, timoun ki satisfè definisyon sanzabri, pitit moun ki sove pou lajistis, oswa pitit migran kalifye pou repa gratis. Si yo pa t fè ou konnen pitit ou yo ap resevwa repa gratis, tanpri rele oswa voye imèl lekòl pitit ou pou wè si pitit ou yo kalifye.
5. KIMOUN KI KAPAB RESEVWA REPA POU PRI REDUI? Pitit ou yo kapab resevwa repa pou pri redui si revni kay ou tonbe nan limit pri redui ki nan Tablo Federal Revni Kalifikasyon, ki endike sou aplikasyon sa a.
6. ÈSKE MWEN TA DWE RANPLI YON FÒM APLIKASYON SI MWEN TE RESEVWA YON LÈT PANDAN ANE AKADEMIK SA A KI ENDIKE YO APWOUVE PITIT MWEN YO POU REPA GRATIS? Tanpri li lèt la ou te resevwa a avèk anpil atansyon, epitou swiv enstriksyon ki nan lèt la. Rele lekòl pitit ou si ou gen kesyon.
7. YO TE APWOUVE APLIKASYON PITIT MWEN ANE PASE. ÈSKE MWEN BEZWEN RANPLI YON LÒT APLIKASYON? Wi. Aplikasyon pitit bon sèlman pou ane akademik lan, epitou li bon pou kèk premye jou ane akademik sa a. Ou dwe soumèt yon nouvo aplikasyon sof si lekòl la te fè ou konnen pitit ou kalifye pou nouvo ane akademik lan.
8. M AP RESEVWA WIC, ÈSKE TIMOUN (YO) KAPAB RESEVWA REPA GRATIS? Timoun ki nan kay ki patisipe nan WIC ka kalifye pou repa gratis oswa repa pou pri redui. Tanpri ranpli yon aplikasyon.
9. ÈSKE YO TCHEKE ENFÒMASYON MWEN BAY YO? Wi, epitou nou ka mande ou tou pou voye prèv ekri.
10. SI MWEN PA KALIFYE KOUNYE A, ÈSKE MWEN KA APLIKE APRE? Ou kapab aplike nenpòt lè pandan ane akademik lan. Pa egzanzp, timoun ki gen yon paran oswa yon gadyen legal ki vin p ap travay ka vin kalifye pou repa gratis oswa repa pou pri redui si revni kay la tonbe anba limit revni an.

11. KISA K AP PASE SI MWEN PA DAKÒ AVÈK DESIZYON LEKÒL LA PRAN SOU APLIKASYON MWEN? Ou ta dwe pale avèk responsab lekòl la. Ou ka mande pou gen yon odyans pou fè yo revize desizyon an.
12. ÈSKE MWEN KA APLIKE SI YON MOUN KI LAKAY MWEN PA YON SITWAYEN AMERIKEN? Wi. Oumenm oswa pitit ou (yo) pa oblije sitwayen ameriken pou kalifye pou repa gratis oswa repa pou pri redui.
13. KIMOUN MWEN TA DWE METE KÒM MOUN K AP VIV LAKAY MWEN? Ou dwe mete tout moun k ap viv lakay ou, kit moun nan se fanmi ou kit li pa fanmi ou (tankou gran-paran yo, lòt manm fanmi, oswa zanmi) ki ba ou nan revni yo avèk ou epi ki patisipe nan depans yo. Ou dwe mete tèt ou ak tout timoun k ap viv avèk ou. Si w ap viv avèk lòt moun ki endepandan sou plan ekonomik (pa egzanp, moun ou pa sipòte, ki pa ba ou nan revni yo, oswa ki pa ba pitit ou yo nan revni yo, men ki bay yon patisipasyon pwopòsyonèl nan depans yo), pa mete yo.
14. KISA K AP PASE SI REVNI MWEN PA TOUJOU MENM? Endike kantite lajan ou resevwa nòmalman. Pa egzanp, si ou touche nòmalman \$1000 chak mwa, men ou te rate kèk jou travay mwa pase, epi ou te touche \$900 sèlman, endike ou touche \$1000 pa mwa. Si ou touche pou travay tan sipleman nòmalman, mete li, men pa mete si ou travay tan sipleman pafwa sèlman. Si ou pèdi yon djòb oswa si ou kantite èdtan ou oswa salè ou te redui, itilize revni ou genyen nan moman an.
15. NOU FÈ PATI FÒS LAME, ÈSKE NOU DWE METE ALOKASYON POU LOJMAN NOU KÒM REVNI? Si w ap resevwa alokasyon pou lojman lwen ak baz ou, ou dwe ajoute li kòm revni. Men, si lojman ou fè pati Military Housing Privatization Initiative, pa mete alokasyon lojman ou kòm revni.
16. YO VOYE MADANM/MARI MWEN NAN ZÒN KONBA. ÈSKE LAJAN L AP TOUCHE POU KONBA A KONTE KÒM REVNI? Non, si peman li resevwa pou konba a ajoute nan peman debaz li akòz deplwaman li, epi si li pa t resevwa peman an anvan yo te deplwaye li, peman pou konba a pa konte kòm revni. Kontakte lekòl pitit ou pou jwenn plis enfòmasyon.
17. FANMI MWEN BEZWEN PLIS ÈD. ÈSKE GEN LÒT PWOGRAM NOU TA KA APLIKE POU YO? Pou chèche konnen kijan pou aplike pou lòt avantaj asistans, kontakte biwo asistans zòn ou.

---

# ENSTRIKSYON POU APLIKE

---

*YON MOUN K AP VIV NAN KAY LA SE NENPÒT TIMOUN OSWA ADILT K AP VIV AVÈK OU.*

SI KAY OU AP RESEVWA AVANTAJ NAN PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP), ASISTANS PWOVIZWA POU FANMI KI NAN NESESITE OSWA PWOGRAM DISTRIBISYON MANJE NAN INDIAN RESERVATIONS (FDPIR), SWIV ENSTRIKSYON YO:

**Pati 1:** Endike tout moun k ap viv nan kay la ak non lekòl pou chak timoun.

**Pati 2:** Endike nimewo dosye pou nenpòt moun nan kay la (ak adilt yo tou) k ap resevwa avantaj SNAP, TANF oswa FDPIR.

**Pati 3:** Sote pati sa a.

**Pati 4:** Sote pati sa a.

**Pati 5:** Siyen fòm nan. Kat (4) dènye chif yon Nimewo Sekirite Sosyal pa nesèsè.

**Pati 6:** Reponn kesyon sa a si ou chwazi pou reponn li.

SI PA GEN MOUN LAKAY OU K AP RESEVWA AVANTAJ NAN PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP) OSWA NAN ASISTANS PWOVIZWA POU FANMI KI NAN NESESITE (TANF) EPI SI GEN TIMOUN LAKAY OU KI SE SANZABRI, MIGRAN OSWA YON PITIT MOUN KI SOVE POU LAJISTIS, SWIV ENSTRIKSYON YO:

**Pati 1:** Endike tout moun k ap viv nan kay la ak non lekòl pou chak timoun.

**Pati 2:** Sote pati sa a.

**Pati 3:** Si nenpòt timoun ou aplike pou li se yon sanzabri, migran, oswa yon pitit moun ki sove pou lajistis, tcheke kaz ki apwopriye a, epi rele lekòl pitit ou.

**Pati 4:** Ranpli fòm nan sèlman si yon timoun lakay ou pa kalifye anba Pati 3. Al gade enstriksyon pou Tout Lòt Kay yo.

**Pati 5:** Siyen fòm nan. Kat (4) dènye chif yon Nimewo Sekirite Sosyal pa nesèsè si ou pa vle reponn Pati 4 la.

**Pati 6:** Reponn kesyon sa a si ou chwazi pou reponn li.

SI W AP APLIKE POU YON TIMOUN ADOPTIF, SWIV ENSTRIKSYON SA YO:

**Si tout timoun ki nan kay la se timoun adoptif:**

**Pati 1:** Endike tout moun adoptif yo ak non lekòl pou chak timoun. Tcheke kaz ki endike timoun nan se yon timoun adoptif.

**Pati 2:** Sote pati sa a.

**Pati 3:** Sote pati sa a.

**Pati 4:** Sote pati sa a.

**Pati 5:** Siyen fòm nan. Kat (4) dènye chif yon Nimewo Sekirite Sosyal pa nesèsè.

**Pati 6:** Reponn kesyon sa a si ou chwazi pou reponn li.

**Si kèk timoun ki nan kay la se timoun adoptif :**

**Pati 1:** Endike tout moun k ap viv nan kay la ak non lekòl pou chak timoun. Pou nenpòt moun, ak timoun yo tou, ki pa gen revni, ou dwe tcheke kaz "Pa gen Revni". Tcheke kaz la si timoun nan se yon timoun adoptif.

**Pati 2:** Si kay la pa gen yon nimewo dosye, sote pati sa a.

**Pati 3:** Si nenpòt timoun ou aplike pou li se yon sanzabri, migran, oswa yon pitit moun ki sove pou lajistis, tcheke kaz ki apwopriye a, epi rele lekòl pitit ou. Si se pa sa, sote pati sa a.

**Pati 4:** Swiv enstriksyon sa yo pou rapòte revni total kay la pou mwa sa a oswa pou mwa pase a.

- **Kaz 1–Non:** Endike tout moun nan kay ki resevwa revni.
- **Kaz 2 – Revni Brit ak Kantite Fwa Moun nan te Resevwa Revni an:** Pou chak moun ki nan kay la, endike chak kalite revni moun nan te resevwa pou mwa a. Ou dwe fè nou konnen konbyen fwa moun nan resevwa revni an—chak semèn, chak lòt semèn, de fwa pa mwa, oswa chak mwa. Pou salè yo, asire ou endike **revni brit**, pa peman ki vini nan kay la. Revni brit la se kantite lajan ou touche *anvan* yo retire taks ak lòt dediksyon yo ladan. Ou ta dwe anmezi pou jwenn li sou souch peman ou oswa patwon ou kapab di ou sa.
- **Pou lòt revni**, endike kantite lajan chak moun resevwa pou mwa a nan asistans sosyal, sipò timoun, pansyon alimantè, pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Anplis (SSI), Avantaj Veteran (avantaj VA), ak avantaj pou andikap.
- **Anba seksyon Tout Lòt Revni**, endike avantaj Konpansasyon Travayè, avantaj pou chomaj oswa pou grè, kontribisyon regilye nan men moun ki p ap viv lakay ou, ak nenpòt lòt revni. Pa ajoute revni nan SNAP, FDPIR, WIC, avantaj federal pou edikasyon ak peman plasman fanmi an resevwa nan ajans plasman an. Pou SÈLMAN moun ki se travayè endepandan, anba seksyon *Salè nan Travay*, rapòte revni apre depans yo. Sa se pou biznis ou, bitasyon ou, oswa pwopriyete lokasyon ou. Si ou nan Military Privatized Housing Initiative oswa si w ap resevwa peman pou konba, pa mete alokasyon sa yo kòm revni.

**Pati 5:** Adilt k ap viv nan kay la dwe siyen fòm nan, epitou li dwe mete kat (4) dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal li (oswa make kaz la si li pa gen youn).

**Pati 6:** Reponn kesyon sa a, si ou chwazi pou reponn li.

TOUT KAY YO, AK KAY K AP RESEVWA WIC TOU, SWIV ENSTRIKSYON SA YO:
---

**Pati 1:** Endike tout moun k ap viv nan kay la ak non lekòl pou chak timoun. Pou nenpòt moun, ak timoun yo tou, ki pa gen revni, ou dwe tcheke kaz “Pa gen Revni”.

**Pati 2:** Si kay la pa gen yon nimewo dosye, sote pati sa a.

**Pati 3:** Si nenpòt timoun ou aplike pou li se yon pitit moun ki sanzabri, pitit migran, oswa yon pitit moun ki sove pou lajistis, tcheke kaz ki apwopriye a, epi rele lekòl pitit ou. Si se pa sa, sote pati sa a.

**Pati 4:** Swiv enstriksyon sa yo pou rapòte revni total kay la pou mwa sa a oswa pou mwa pase a.

- **Kaz 1–Non:** Endike tout moun nan kay ki resevwa revni.
- **Kaz 2 – Revni Brit ak Kantite Fwa Moun nan te Resevwa Revni an:** Pou chak moun ki nan kay la, endike chak kalite revni moun nan te resevwa pou mwa a. Ou dwe fè nou konnen konbyen fwa moun nan resevwa revni an—chak semèn, chak lòt semèn, de fwa pa mwa, oswa chak mwa. Pou salè yo, asire ou endike **revni brit**, pa peman ki vini nan kay la. Revni brit la se kantite lajan ou touche *anvan* yo retire taks ak lòt dediksyon yo ladan. Ou ta dwe anmezi pou jwenn li sou souch peman ou oswa patwon ou kapab di ou sa.
- **Pou lòt revni**, endike kantite lajan chak moun resevwa pou mwa a nan asistans sosyal, sipò timoun, pansyon alimantè, pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Anplis (SSI), Avantaj Veteran (avantaj VA), ak avantaj pou andikap.  
**Anba seksyon Tout Lòt Revni**, endike avantaj Konpansasyon Travayè, avantaj pou chomaj oswa pou grè, kontribisyon regilye nan men moun ki p ap viv lakay ou, ak nenpòt lòt revni. Pa ajoute revni nan SNAP, FDPIR, WIC, avantaj federal pou edikasyon ak peman plasman fanmi an resevwa nan ajans plasman an. Pou SÈLMAN moun ki se travayè endepandan, anba seksyon *Salè nan Travay*, rapòte revni apre depans yo. Sa se pou biznis ou, bitasyon ou, oswa pwopriyete lokasyon ou. Pa mete revni ou touche nan SNAP, FDPIR, WIC oswa nan avantaj federal pou edikasyon. Si ou nan Military Privatized Housing Initiative oswa si w ap resevwa peman pou konba, pa mete alokasyon sa yo kòm revni.

**Pati 5:** Adilt k ap viv nan kay la dwe siyen fòm nan, epitou li dwe mete kat (4) dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal li (oswa make kaz la si li pa gen youn).

**Pati 6:** Reponn kesyon sa a, si ou chwazi pou reponn li.

## APLIKASYON FANMI POU REPA GRATIS OSWA POU PRI REDUI NAN LEKÒL

PATI 1. TOUT MOUN K AP VIV NAN KAY LA				
Non <u>tout</u> moun k ap viv nan kay la (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi)	Non Lekòl pou chak timoun/oswa endike "NA" si timoun nan pa nan lekòl	Tcheke si se yon timoun adoptif (responsablite legal ajans asistans sosyal oswa tribinal)  * Si tout timoun ki endike anba la a se timoun adoptif, ale dirèkteman nan Pati 5 lan pou siyen fòm sa a.		Tcheke si PA GEN revni
		<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>
		<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>
		<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>
		<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>
		<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>
		<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>
PATI 2. AVANTAJ				
SI NENPÒT MOUN LAKAY OU AP RESEVWA [SNAP], [FDPIR], OSWA [TANF], ENDIKE NON AK NIMEWO DOSYE POU MOUN K AP RESEVWA AVANTAJ YO EPITOU <b>ALE DIRÈKTEMAN NAN PATI 5 LAN, SI PÈSÒN P AP RESEVWA AVANTAJ, ALE DIRÈKTEMAN NAN PATI 3.</b>				
NON: _____ NIMEWO DOSYE: _____				
PATI 3. SI NENPÒT TIMOUN OU APLIKE POU LI SE YON SANZABRI, MIGRAN, OSWA YON PITIT MOUN KI SOVE POU LAJISTIS, TCHEKE KAZ APWOPRIYE A EPI RELE LEKÒL PITIT OU. PITIT MOUN KI SANZABRI <input type="checkbox"/> PITIT MIGRAN <input type="checkbox"/> PITIT MOUN KI SOVE POU LAJISTIS <input type="checkbox"/>				
PATI 4. REVNI BRIT TOTAL MOUN K AP VIV NAN KAY LA. Ou fèt pou di kantite lajan an ak konbyen mwa moun yo touche lajan an.				
1. NON (Endike sèlman moun nan kay la ki gen revni)	2. REVNI BRIT AK KANTITE FWA MOUN NAN RESEVWA LI			
	Salè Nan Travay anvan dediksyon	Asistans Sosyal, sipò timoun, pansyon alimantè	Pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal, avantaj SSI, VA	Tout Lòt Revni
<i>(Egzanp) Jane Smith</i>	\$199.99/pa semèn	\$149.99/chak lòt semèn	\$99.99/pa mwa	\$50.00/pa mwa
	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____
	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____
	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____
	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____
	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____
	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____	\$___/_____

**PATI 5. SIYATI AK KAT (4) DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (ADILT DWE SIYEN)**

Yon adilt k ap viv nan kay la dwe siyen aplikasyon an. **Si ou ranpli Pati 4 la, adilt ki siyen fòm nan dwe endike kat (4) dènye Nimewo Sekirite Sosyal li, oswa li dwe make kaz ki endike "Mwen pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal".** (Al gade Pwotokòl la ki padèyè paj sa a.)

*Mwen sètifye (pwomèt) tout enfòmasyon ki sou aplikasyon sa a se enfòmasyon ki vrè, epitou mwen rapòte tout revni yo. Mwen rekonèt lekòl la ap resevwa lajan federal selon enfòmasyon mwen bay yo. Mwen rekonèt responsab lekòl la ka verifye (tcheke) enfòmasyon yo. Mwen rekonèt si mwen fè espere pou bay fo enfòmasyon, pitit mwen yo ka pèdi avantaj repa, epi yo kapab pouswiv mwen lajistis pou sa.*

Siyen la a: \_\_\_\_\_ Non an lèt detache: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Kat (4) dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal: \*\*\*-\*\*-\_\_\_\_-\_\_\_\_  Mwen pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal

**PATI 6. IDANTITE ETNIK AK RAS TIMOUN YO (OCHWA)**

*Chwazi yon etnisite:*

Ispanik/Latino-Ameriken

Pa Ispanik/Latino-Ameriken

*Chwazi youn oswa plis (kèlkeswa etnisite a):*

Azyatik

Amerendyen oswa Natifnatal Alaska

Nwa oswa Ameriken Nwa

Blan

Natifnatal Awayi oswa Lòt Moun Zile Pasifik

**PA RANPLI PATI SA A. SE POU LEKÒL LA ITILIZE SÈLMAN.**

Annual Income Conversion: Weekly x 52, Every 2 Weeks x 26, Twice A Month x 24 Monthly x 12

Total Income: \_\_\_\_\_ Per:  Week,  Every 2 Weeks,  Twice A Month,  Month,  Year; Household size: \_\_\_\_\_

Categorical Eligibility:

Eligibility: Free  Reduced  Denied

Determining Official's Signature: \_\_\_\_\_ Date: \_\_\_\_\_

Confirming Official's Signature: \_\_\_\_\_ Date: \_\_\_\_\_

Verifying Official's Signature: \_\_\_\_\_ Date: \_\_\_\_\_

Pitit ou yo ka kalifye pou repa gratis oswa pou pri redui si revni kay ou tonbe nan oswa anba limit yo ki nan sitwèb sa a: <http://www.fns.usda.gov/cnd/governance/notices/iegs/RPieg.pdf>

---

Lwa Nasyonal Richard B. Russell sou Repa nan Lekòl egzije pou bay enfòmasyon yo sou aplikasyon sa a. Ou pa gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo, men si ou pa bay yo, nou pa kapab apwouve pitit ou pou repa gratis oswa pou repa pou pri redui. Ou dwe ajoute kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal adilt nan kay la ki siyen aplikasyon an. Kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal la pa obligatwa lè w ap aplike sou non yon timoun adoptif oswa lè w ap endike yon nimewo dosye Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP), Pwogram Temporary Assistance for Needy Families (TANF), oswa yon nimewo dosye Food Distribution Program on Indian Reservations (FDPIR), oswa lòt idantifikatè FDPIR pou pitit ou, oswa lè ou endike adilt k ap viv nan kay la ki siyen aplikasyon an pa gen yon nimewo sekirite sosyal. N ap itilize enfòmasyon yo pou detèmine si pitit ou kalifye pou repa gratis oswa pou repa pou pri redui, epitou pou administrasyon ak egzekisyon pwogram repa midi ak manje-maten. Nou KA divilge enfòmasyon sou kalifikasyon ou ba pwogram edikasyon, ba pwogram, ak ba pwogram sante pou ede yo evalye, finanse, oswa detèmine avantaj pou pwogram yo, ba oditè pou revizyon pwogram nan, ak ba ofisyèl lapolis pou ede yo egzamine vyolasyon règ pwogram nan.

---

Deklarasyon sou Non-Diskriminasyon Sa eksplike kisa pou fè si w kwè yo trete w enjisteman. “Dapre lalwa federal ak règleman Depatman Agrikilti peyi Etazini, enstitisyon sa a entèdi pou li pratike diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, relijyon, oswa enfimite. Pou pote yon plent pou diskriminasyon, voye yon lèt ba USDA, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410, oswa rele gratis nan (866) 632-9992 (Vwa). Moun ki gen pwoblèm pou tandè oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339; oswa (800) 845-6136 (Panyòl). USDA se yon founisè ak anplwayè ki aplike politik menm chans pou tout moun.”

## DIVILGASYON ENFÒMASYON YO BA MEDICAID/SCHIP

---

Chè Paran/Gadyen Legal:

Si pitit ou yo resevwa repa gratis oswa repa pou pri redui nan lekòl la, yo ka anmezi tou pou resevwa asirans sante gratis oswa asirans pou pri ki redui nan Medicaid oswa nan State Children's Health Insurance Program (Pwogram Asirans Sante Leta pou Timoun) (SCHIP). Timoun ki gen asirans sante yo gen plis chans pou yo jwenn swen sante regilye, epitou yo gen mwens chans pou yo rate jou lekòl akòz maladi.

Paske asirans sante enpòtan anpil pou byennèt timoun, *lalwa pèmèt nou fè Medicaid ak SCHIP konnen pitit ou yo kalifye pou repa gratis oswa repa pou pri redui, **sof si ou pa di nou sa.*** Medicaid ak SCHIP sèlman itilize enfòmasyon pou idantifye timoun ki ka kalifye pou pwogram yo. Responsab pwogram yo ka kontakte ou pou ofri ou pou yo enskri pitit ou yo. Si ou ranpli Aplikasyon pou Repa Gratis oswa pou Repa pou Pri Redui nan Lekòl sa pa enskri pitit ou yo otomatikman nan asirans sante.

Si ou pa vle nou divilge enfòmasyon ou yo ba Medicaid oswa SCHIP, ranpli fòm ki anba la a epi voye li (Si ou voye fòm sa a, sa p ap chanje si pitit ou yo ap jwenn repa gratis oswa repa pou pri redui).

---



**Non! MWEN PA** vle yo divilge ba Medicaid oswa ba State Children's Health Insurance Program enfòmasyon ki nan Aplikasyon mwen pou Repa Gratis oswa pou Repa pou Pri Redui.

Si ou te tcheke non, ranpli fòm ki anba la a pou asire yo PA divilge enfòmasyon ou yo pou timoun (yo) ki endike anba la a:

Non timoun lan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non timoun lan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non timoun lan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non timoun lan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Siyati Paran oswa Gadyen Legal: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non an lèt detache: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

---

Pou jwenn plis enfòmasyon, ou rele lekòl pitit ou.

---